Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъиилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 22 (6709) 18 май 2020 с. Итни Рамазан 1440 с. Багьа - эркенаб

#СТОПКОРОНАВИРУС. ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

Ккараб къо борхулеб бакъалъулазул ракь

Бакъалъулазул районалъул централияб больницаялде рачIана сахаватчагIазул сурсатазде росарал дараби

Бакъалъулазул районалъул централияб больницаялде 9 маялда рачIана COVID – 19 пандемиялъул шартIазда хIажат рукIарал гIемерал медикаментал.

ЦРБялде медицинаялъул препараталгун рачIана МугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул Муфтияталъул ихтияр кодосев вакил ХIабиб МухIамадов, Бакъалъулазул районалъул имамзабазул Советалъул председатель ГIумархIажи ГIумархIажиев, гурхIел-рахIмуялъул «Инсан» фондалъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев Камил Якъубов, МугIрузул территориалияб округалда «Патриотал» АОOялъул ихтияр кодосев вакил Заур Халидов, «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъул сопредседатель ГIабдула Юсупов, районалъул администрациялъул вакилзаби ва цогидалги.

Гьалбадерида дандчIвай гьабуна сахгьариялъул хIалтIул рахъалъ ЦРБялъул бетIерав тохтурасул заместитель МухIамадхIабиб Абакаровас ва врач - эпидемиолог Апанди Сулаймановас. МухIамадхIабиб Абакаровас баркала загьир гьабуна Бакъалъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасе, ДРялъул Муфтияталъе, гурхIел-рахIмуялъул «Инсан» фондалъе, «Патриотал» АОOялъе, «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъе, щивав сахаватчиясе – хIажатал препаратал росизе сурсатал кьурал киназего.

«COVID – 19 пандемиялъул шартIазда бигьаго гьечIо киназего. Бищунго захIмат буго гьал къояз медицинаялъул хIалтIухъабазе. ТIубанго сардал къояз гьел унтаразе хъулухъалъе рахъун чIун руго. Инфекционистал больницаялдаго чIун руго: ЦРБялъе тIолабго рахъалъулаб кумек гьабулеб буго районалъул администрациялъ, сахаватчагIаз, ДРялъул Муфтияталъ, «Инсан» фондалъ, гIолилазул гIуцIабаз.

Роххизе ккараблъун буго, нилъер гIадамазулъ лъикIал хасиятал, сахавалъи, цоцазе кумек гьабиялъул гIамалал рукIин. Бакъалъулазул щибаб росулъ бакIарараб гIарцухъ росун руго районалъул медучрежденияз хIажатал, вирусазда дандчIарал хириял дараби ва цогидалги медикаментал. ЦРБялъул тIолабго коллективалъул, районалъул медиказул рахъалдасан баркала загьир гьабула гIадамазул гIумру хвасар гьабиялъулъ тохтурзабазе кумек гьабулезе», - ян абуна ЦРБялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев Муртуз Нажмудиновас.

Цебеккун «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас Гумбеталъул сахаватчагIазде ХитIаб гьабун букIана, медучрежденияз унтарал сах гьаризе COVID – 19 пандемиялъул шартIазда вирусазда дандчIей гьабулел препаратал, дараби гьечIолъи хIисабалдеги босун, кумек гьабеян.

Гьеб ахIиялъе жаваб гьабуна гIемерал гIадамаз. Районалъул киналго росабазул гIадамаз бакIарана гIарац. Гьелъухъ росана хIажалъулел медикаментал.

МугIрузул территориалияб округалда ДРялъул Муфтияталъул ихтияр кодосев вакил ХIабиб МухIамадовас абуна гурхIел-рахIмуялъулаб хIаракатчилъи кири цIикIкIараб иш кколин, Аллагьас гьелъухъ цIикIкIун ажру хъвалилан.

«Гумбет» РИО

#СТОПКОРОНАВИРУС

Халкъалъул сахлъи цIуни мурадалда

Бакъалъулазул ЦРБялде бачIана хехаб кумекалъул цIияб машина

Бакъалъулазул централияб больницаялъул хехаб медицинаялъул кумек гьабиялъул машинабазул парк тIаде цIикIкIана цоги цIияб машинаялъ.

ДРялъул сахлъи цIуниялъул министерствоялъ Гумбеталъе кьуна хехаб кумекалъул цIияб машина. Гьелъул хIакъалъулъ лъазабуна Бакъалъулазул районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев Муртуз Нажмудиновас. «Жиндир заманалда унтарал больницаялде щвезариялъе, гьел сах гьариялъе хIажалъула хехаб кумекалъул машинабазул качественнияб хIалтIи. Бакъалъулазул поселениязул цо къадаралъдал гьумералдаса 1700 метралъул борхалъуда рукIиналъ, районалъул централдаса чанго анцIго километралъ рикIкIад, мугIрузул захIматал нухал нахъа тун ине кколел бакIазда рукIиналъ, хехаб кумекалъул машинаби цIикIкIараб къадаралда рукIиналъул кIудияб кIвар буго гIадамазул сахлъи цIуниялъе.

Дагъистан Республикаялъул сахлъи цIуниялъул министр Жамалудин ГIалиевич ХIажиибрагьимовасе баркала загьир гьабула цIияб машина кьуралъухъ», - ян абуна Муртуз Нажмудиновас.

COVID – 19 пандемиялъул шартIазда, муниципалитеталъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул нухмалъиялда, районалъул администрациялъ гьоркьоса къотIичIеб кумек гьабулеб буго медицинаялъул учреждениязе.

«Гумбет» РИО

НОМЕРАЛДА РУГО:

ХIажимурад МухIамадов: «ЦIиял технологияз рес кьуна Бергьенлъиялъул къо мустахIикъаб куцалда кIодо гьабизе»

-2 гьум.

Рагъ ккана, къо щвана, къвакIе, бахIарзал, – Тушман ракьалда лъе, ракь нилъейго те!

-2 гьум.

ДГМУялъул студентка ЧIиркъатIаса Багьжат Ибрагьимовалъ COVID – 19-ялъ унтарал хвасар гьарулел руго

-3 гьум.

Замглаввpача ГКБ №1 Махачкалы Магомед Сайгидахмедов призвал дагестанцев соблюдать изоляцию

-3 стр.

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ - 75 СОН

ХIажимурад МухIамадов: «ЦIиял технологияз рес кьуна Бергьенлъиялъул къо мустахIикъаб куцалда кIодо гьабизе»

Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадов цеве вахъана, кинаб букIаниги вирусалъ, кинал рукIанини шартIаз, Россиялъул халкъалъухъа бахъизе гьечIин бахIарчиял, гьунараздалъун, рещцалъулал ишаздалъун машгьураб Бергьенлъиялъул къоялъул байрам абураб ХитIабгун.

«Фашизм щущахъ биххизабиялда, нацизмалдаса, концлагераздаса, гIадамазе гIазаб кьолеб лъабабилеб рейхалдаса Европа эркен гьабиялда кIудияб бутIа лъуна нилъер улкаялъул халкъалъ. Бергьенлъиялъул къо россиялъулазе ккола хасаб, тIолгохалкъалъул, бищун хирияб байрам.

Россиялда COVID – 19 пандемия сабаблъун гьаб заманалда лъазабун бугеб рокъор чIеялъул низамалъухъги балагьичIого, улкаялда кIодо гьабуна 9 май. Гьанжесел тарихазулал технологияз рес кьуна россиялъулазе бокьулеб «Хвел гьечIезул полк», «Бергьенлъиялъул гордал» акциял ва цогидалги тадбирал онлайн форматалда тIоритIизе. Дир кIудияв эмен МухIамад Сайгидовги гIахьаллъана 1945 соналъул Бергьенлъиялъул парадалда, гьев мустахIикълъана «БахIарчилъиялъе гIоло», «Германиялда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло», «Киев цIуниялъе гIоло» медалазе, БагIараб цIваялъул, КIудияб ВатIанияб рагъул орденазе. Нилъер улкаялда гьечIо КIудияб ВатIанияб рагъалъ къварилъи кьечIеб хъизан. Фронталъе кумек гьабуна тылалъ, руччабиги, хералги хIалтIана свак лъачIого, киназго бутIа лъуна бергьенлъи босиялъулъ.

Баркала кьола КIудияб Бергьенлъиялъ 75 сон тIубаялъул хIурматалда тарихазулаб форматалда тIоритIарал ракIалде щвеялъул тадбиразул гIуцIарухъабазе. Нилъер улкаялъул милионал гIадамазда, байрамалъулал тадбиразул гIахьалчагIилъун ругилан кколеб букIана гьел акциязул хIасилалда. Нилъер гIадамазул бичIчIи буголъиялъ, гIалимзабазул цIирагьияз, медиказул тIадчIараб захIматалъ кумек гьабизе буго нилъее коронавирусалдаса бергьине. Нилъер улкаялъул тарихалда гIемер мисалал руго захIматаб заманалда цоцалъ гъункун гIадамаз росарал бергьенлъабазул, захIмалъаби къезариялъул, ВатIан бахIарчиго цIуниялъул. Божула, цадахъаб къуваталдалъун нилъ бергьина COVID – 19-ялдасаги», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

«Гумбет» РИО

#СТОПКОРОНАВИРУС. ТIИБ

Дараби ва маскаби рикьана

ЦРБялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев Муртуз Нажмудинов щвана ЧIиркъатIа ва Игьали росабалъе больницабазде

Бакълъулазул районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев Муртуз Нажмудиновас ЧIиркъатIа ва Игьали росабалъ ругел участковиял больницабазда бугеб

хIалалъул ва гьел чIахIиял росабалъ рахунел унтабаздаса цIуниялъе гIуцIарал тадбиразул халгьабуна.

Нажмудинов гIенеккана больницабазул хIалтIухъабаз бицунелъухъ, жиндирго хъаравуллъиялде росана кIвар бугел суалал, тохтурзабазде ва медицинаялъул цогидал хIалтIухъабазде хитIаб гьабуна унтараздехун кIвар кьун лъикIаб бербалагьи гьабеян.

ЧIиркъатIа ва Игьали участковиял больницабазе Муртуз Нажмудиновас кьуна медикаментал ва унтаби рахиналдаса цIуниялъул алатал.

COVID – 19 пандемиялъул шартIазда, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул нухмалъиялда хIалтIулел руго коронавирусалъул инфекция тIибитIизе биччангутIиялъе тадбирал гIуцIиялъул оперативияб штаб ва цIияб вирусалда данде къеркьей гьабиялъул санитариябгун эпидемиологическияб комиссия.

«Гумбет» РИО

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

Рагъ ккана, къо щвана, къвакIе, бахIарзал, – Тушман ракьалда лъе, ракь нилъейго те!

Бакълъулазул районалда ракIалде щвезаруна КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи

Бакълъулазул районалъул киналго росабалъ, Бергьенлъиялъул къоялъ, хIурматияб къагIидаялда ракIалде щвезаруна КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи.

Коронавирусалдаса цIуниялъул тадбиралги хIалтIизарун, Гумбеталда тIугьдул лъуна, КIудияб ВатIанияб рагъда хваразе рарал памятниказда цере ва гьезул рухIазе дугIаби гьаруна.

Фашизмалдаса дунял эркен гьабурал рагъухъабазул хIурмат гьабун, районалъул централда бараб памятникалда цере тIугьдул лъеялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухтарахIмад АхIмадов, Афгъанистаналда рагъул ветераназул ва инвалидазул тIолгороссиялъул жамгIияб гIуцIиялъул Гумбеталъул бакIалъул отделениялъул нухмалъулев МухIамадрасул Сулайманов, «Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасиров ва цогидалги.

РФялъул Роспотребнадзоралъул, Россиялъул сахлъи цIуниялъул министерствоялъул ва цогидалги ведомствабазул рихьизариялги цIунун тIоритIана рагъухъаби ракIалдещвеялъул тадбирал районалъул цогидал росабалъги.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас кIудияб кIвар кьолеб буго гIолеб гIелалъе ВатIан бокьиялъул, рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбия кьеялъул суалазде, экстремизмалъул, терроризмалъул идеологиялда ва цогидалги хIажат гьечIел ишазда данде гьоркьоса къотIичIеб къеркьей гьабиялде.

«Гумбет» РИО

#СТОПКОРОНАВИРУС. САХАВАТЧАГIАЗ ККУРАБ ДУНЯЛ

«Инсан» фондалъ гIадамазухъе битIараб квер

150 хъизаналъе кванил нигIматал щвана

Бакълъулазул районалда ана, «НигIматал – щибаб рокъоре» абураб гурхIелрахIмуялъул акциялда рекъон, иргадулаб нухалъги кванил нигIматал гьезде

хIажалъи бугезе кьей. Акциялъул гIуцIарухъабилъун рукIана «Инсан» гурхIелрахIмуялъул фондгун цадахъ районалъул администрация, «Гумбет районалъул гIолилал» ДРОО. 150 хъизаналъе кьуна нигIматал. Щибалда гьорлъ букIана 5 кг ханжу, 1 кг чакар, 1 кг гречка, 1 литр нах, цо пачка чаялъул, 1 кг пиринчI, 1 кг макарон.

Акциялъул гIуцIарухъабаз нигIматазде хIажалъи бугезул хIакъалъулъ баянал жиндир заманалда ракIарана. Районалъул гIолилазул гIуцIиялъул вакилзабаз ресукъал гIадамазе нигIматал щвезаруна.

Бакълъулазул районалда COVID – 19 пандемиялдаса цIунизелъун рокъор чIеялъул низамалде рачIаралдаса, муниципалитеталъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул нухмалъиялда, гIадамазул тIалаб-агъаз гьабиялде буссараб хIалтIи гIуцIулеб, гурхIелрахIмуялъулал акциял зама-заманалда тIоритIулел руго.

«Гумбет» РИО

#СТОПКОРОНАВИРУС

ДГМУялъул студентка ЧIиркъатIаса Багьжат Ибрагьимовалъ COVID – 19-ялъ унтарал хвасар гьарулел руго

КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 75 сон тIубаялде хIадурлъулеб заманалда, Россиялъул медицинаялъул хIалтIухъабаз къеркьей гьабизе ккана коронавирусалъул инфекциялда данде, жинцаги лъазабураб тIолабго инсанияталъе лъабабилеб дунялалъул рагъ. Тохтурзаби, медсестраби, медицинаялъул вузазул студентал, волонтерал COVID – 19 – ялда данде рагъ баялъул цебесеб кьерда руго, тIубазабулеб буго жидерго тохтурлъиялъулаб ва инсанлъиялъулаб налъи.

Багьжат Ибрагьимова гьаюна Бакълъулазул районалъул ЧIиркъатIа росулъ. Гьей гIуна лъикIаб тарбия щвараб интеллигентазул хъизаналда. Гьелъул кIудияв эмен Ибрагьим Ибрагьимов хIалтIулев вуго ДРялъул миллияб ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб музеялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулевлъун.

ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школа лъугIун хадуй Ибрагьимова цIализе лъугьана Буйнакскиялъул медицинаялъул училищеялде. 2012 соналъ цIалиги лъугIизабун, гIагараб росулъе тIадюссана, хIалтIана ЧIиркъатIа участковияб больницаялъул медсестралъун. 2019 соналъ Ибрагьимова яхъана Дагъистаналъул пачалихъияб медицинаялъул университеталъул студенткалъун. ЦIалулей йиго ДГМУялъул сахгьариялъул факультеталъул тIоцебесеб курсалда.

2020 соналъул 1 маялдаса жиндиего бокьун коронавирусалъул инфекциялда данде къеркьолей йиго ДРялъул республикаялъулаб урологическияб централда, гьеб больница буссинабун буго цIияб вирусалъ унтарал сахгьарулеб госпиталалде. Багьжат Ибрагьимова щибаб къоялъ хIалтIулей йиго «багIараб зоналда», гIумру тIамулеб буго больницаялъул палатаялда.

Дагъистан кидаго машгьураб букIана къварилъи ккаралъуб кумек гьабизе хIадурал гIадамаздалъун. КIудияб ВатIанияб рагъде жидеего бокьун ана аза-азар дагъистаниял. Цо хасаб къадаралда гьезул гьунарал такрар гьарулел руго гьал къояз хIинкъи бугеб инфекциялдаса гIадамал цIунулел ругел махщалилаз. Жакъа пандемиялда данде рагъ базе рахъун руго улкаялъул, республикаялъул васал ва ясал. Гьабизин кумек гIадамазул гIумру цIуниялъе гIоло кьеркьеялде гали лъурал тохтурзабазе, жидеего бокьун гьеб иш тIаде босаразе, гIенеккизин гьезул малъахъваязухъ.

«Гумбет» РИО

Бакълъулазул районалъул имам ГIумархIажи ГIумархIажиевас полициялъулазе медицинаялъул маскаби сайгъат гьаруна

Бакълъулазул районалъул имамзабазул Советалъул председатель ГIумархIажи ГIумархIажиевас пайда бугеб иш гьабуна – Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул хIалтIухъабазе кьуна инфекциялдаса цIунизе медицинаялъул маскаби.

ГIумархIажиевас диниял бутIрузул ва жамгIияталъул рахъалдасан полициялъулазе баркала загьир гьабуна гIадамазул сахлъи ва хIинкъи гьечIолъи цIуниялъе гIуцIараб лъикIаб хIалтIухъ ва ОМВ-Дялъул нухмалъулев Шамил Мажидовасухъе кьуна гIемер заманалъ базе бегьулеб 150 медицинаялъул маска.

Гьеб гурхIел-рахIмуялъулаб акция гIумруялде бахъинабизе кумек гьабуна рухIияб лъайкьеялъул «Ас-салам» газеталъул МугIрузул территориалияб округалда вугев вакил МухIаммаднур Ибрагьимхановасги.

«Гумбет» РИО

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

Государством приняты дополнительные меры социальной поддержки семей с детьми

Президентом России и Правительством РФ приняты документы, устанавливающие дополнительные меры социальной поддержки семей, имеющих детей, а также правила перечисления таким семьям соответствующих выплат.

Так, Президент РФ Указом от 11 мая 2020 г. № 317 постановил произвести ежемесячную выплату в размере 5000 рублей за апрель-июнь 2020 года семьям, в которых есть ребенок в возрасте до 3 лет.

С 1 июня 2020 года семьи с детьми в возрасте от 3 до 16 лет смогут получить единоразовую выплату в размере 10000 руб. на каждого ребенка. Указанные выплаты не учитываются в составе доходов семьи при предоставлении иных мер социальной поддержки. В соответствии с постановлением Правительства РФ от 11 мая 2020 г. № 652 за назначением выплат можно обратиться в Пенсионный фонд РФ в любое время до 1 октября 2020 года. Заявление о предоставлении выплаты можно подать лично в территориальный орган Пенсионного фонда России, в МФЦ, через Единый портал госуслуг или Личный кабинет застрахованного лица.

На рассмотрение заявления отведено не более 5 рабочих дней, на перечисление выплат - не более 3 рабочих дней.

Указ Президента РФ вступил в силу со дня его подписания, правительственный документ – с 20 мая 2020 года.

Магомед Магомедов, прокурор Гумбетовского района

Прокуратурой района приняты меры на принятие нормативных правовых актов в сфере противодействия коррупции

Проверкой проведенной прокуратурой района в муниципальных образованиях сельских поселений установлено, что большинством из них нормативные правовые акты, регламентирующих вопросы предотвращения и урегулирования конфликта интересов, не приняты.

В частности, в 10 сельских поселениях не разработаны и не утверждены Положение о комиссии по соблюдению требований к служебному поведению муниципальных служащих и урегулированию конфликта интересов и Порядок сообщения муниципальными служащими о возникновении личной заинтересованности при исполнении должностных обязанностей, которая приводит или может привести к конфликту интересов.

По указанным нарушениям главам администраций муниципальных образований района внесены представления об устранении нарушений законов, которые находятся на рассмотрении.

Магомед Магомедов, прокурор Гумбетовского района

#СТОПКОРОНАВИРУС

Замглавврача ГКБ №1 Махачкалы Магомед Сайгидахмедов призвал дагестанцев соблюдать изоляцию

В трудные времена люди с высокой гражданской ответственностью всегда оказываются в передних рядах, спасая пострадавших от бед и катаклизмов, решая экстренные задачи. Сегодня весь мир обращен лицом к врачам, медицинским работникам. Медики борются с невиданным доселе злом – коронавирусом нового типа. В Дагестане также врачи встали в строй против COVID-19 по профессиональному и человеческому зову, по велению сердца. Замглавврача по хирургии ГКБ № 1 Махачкалы Магомед Сайгидахмедов, который каждый день заходит в «красную зону», лечит ковидных больных, обратился к людям с призывом соблюдать режим изоляции, так как именно эта мера наиболее действенная и эффективная для перелома в противостоянии с вирусом.

Магомед Сайгидахмедов в основном работает в отделе реанимации ГКБ №1 Махачкалы с ковидными больными, проводит административные и лечебные обходы, занимается организационными и другими вопросами.

«Ассаламу алейкум, уважаемые дагестанцы, гумбетовцы, россияне, братья и сестры! Весь мир борется с новым вирусом. За короткий промежуток времени жертвами COVID-19 на нашей планете стали уже свыше 268 тыс. человек, заразились – более 3 млн 877 тыс. Нельзя воспринимать эту болезнь как легкое недомогание или же в качестве несуществующего фантома. Этот вирус распространяется и в Дагестане. К сожалению, имеются и потери. Городская клиническая больница №1 Махачкалы, перепрофилированная под госпиталь для лечения коронавирусных пациентов, переполнена. У нас имеется тысяча коек. Все они заняты больными средней и тяжелой формы. Люди, которые переносят это заболевание в легкой форме, не госпитализируются. Наша больница обеспечена необходимым оборудованием, ИВЛ, препаратами, средствами индивидуальной защиты и другим медицинским инвентарем.

COVID-19 – все еще слабо изученное заболевание, вышло 6 рекомендаций по профилактике, диагностике и лечению данной болезни. Чтобы диагностировать COVID-19, проводят три теста – на первый, третий и одиннадцатый дни. Если даже первые два теста дали отрицательный результат, третий анализ может оказаться положительным.

В Махачкале работает пять лабораторий по диагностированию COVID-19, еще одну лабораторию, выявляющую данную болезнь, открыли на днях в г. Каспийске. Помимо прохождения теста на COVID-19, нужно пройти КТ, сдать анализ крови, биохимический анализ, осуществить другие обследования. Тест сдают методом ПЦР. У многих болезнь протекает бессимптомно.

Самое главное оружие против коронавируса – изоляция, разрыв цепочек заражения, исключение контактов даже между ближайшими родственниками. Во внешней среде этот вирус неактивен и быстро погибает. Этот вид коронавируса вольготно чувствует себя в организме человека и передается от человека к человеку. Поэтому с начала года все медики, представители власти, Роспотребнадзора РФ, общественники, все, кого беспокоит здоровье граждан и благосостояние страны, призывали и продолжают призывать людей к изоляции, соблюдению всех предписаний врачей и других специалистов.

Если при пульсоксиметрии сатурация кислорода ниже отметок 90–93, то человека нужно госпитализировать. Если число дыхательных движений больше 22, то тогда тоже мы имеем дело с показанием для размещения больного в госпитале. При температуре тела 38,5 тоже укладывают пациента в больницу. Если при компьютерной томографии поражение легких достигает 2–4, то это тоже ситуация, требующая госпитализации больного. Также важны данные биохимического анализа и другие сведения.

Люди старше 60 лет составляют группу риска. Чем старше человек, тем тяжелее протекает болезнь. Также COVID-19 тяжело переносят при наличии хронических заболеваний органов дыхания. При благоприятном течении болезни наступает выздоровление. В апреле 2020 года мы выписали 80 ковидных пациентов с выздоровлением. Несмотря на это, достаточно много больных в реанимации.

У нас в каждом отделении работает врачебная бригада, состоящая из врача, двух медсестер и двух санитарок. Во избежание распространения инфекции бригады круглосуточно находятся в больнице.

Как человек, который каждый день видит в глазах больных надежду и тревогу за свое будущее, как врач, который изнутри видит всю обстановку, скажу: лучше и действеннее изоляции граждан средств и мер на сегодня нет. Больницы республики переполнены ковидными больными. Если не соблюдать режим самоизоляции, ситуация может еще больше усугубиться. Уважаемые дагестанцы, соблюдайте изоляцию, гигиену, социальную дистанцию, берегите себя и окружающих!» – говорится в обращении замглавврача по хирургии ГКБ №1 Махачкалы Магомеда Сайгидахмедова.

Отметим, что Магомед Магомедгазиевич Сайгидахмедов родился в 1975 году в селе Нижнее Инхо Гумбетовского района. Окончив Нижне-Инховскую среднюю школу с отличием, поступил в ДГМУ. После завершения учебы в вузе в 1998 году в 1999-м прошел интернатуру и работал хирургом в ЦРБ Гумбетовского района. В 2004–2006 гг. прошел клиническую ординатуру. 2007–2011 гг. – замглавврача Гумбетовской ЦРБ по лечебной работе, 2011–2019 гг. – главный врач ЦРБ Гумбета, с марта 2019 года прошел ступени хирурга и заведующего операционным блоком в ГКБ №1 Махачкалы. В настоящее время – замглавврача по хирургии ГКБ №1 Махачкалы. Магомед Сайгидахмедов – врач высшей категории.

ДОКУМЕНТЫ

Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”»

Решение

от 20 марта 2020 г. № 2 с. Цунди-Шабдух

«Об утверждении отчета об исполнении бюджета АСП «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» за 2019 год

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета АСП «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» за 2019 год Собрание депутатов

Решает:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета АСП «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» Гумбетовского района за 2019 год:

- по доходам в сумме 2613 тыс. рублей, согласно приложении № 1 к настоящему решению
- по расходам в сумме 2635 тысяча рублей, согласно приложении № 2 к настоящему решению.

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет».

Председатель Собрания
А. Н. Набигулаев

Приложение № 1
к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» от 20 марта 2020 г. № 2

Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» за 2019 год

(тыс. руб.)

Наименование показателей	КОДЫ классификации доходов бюджетов	План на 2019 год	Фактически исполнено за 2019 год	% исполнения
Налог на доходы физических лиц	18210102010011000110	17	26,6	
Налог на имущество физических лиц	18210601030101000110	26	33,5	
Единый сельхозналог	18210 6060 3310 4000 110	13	17	
Земельный налог (пп1п1ст394)	18210606033101000110	93	88	
Земельный налог (пп2п1ст394)	18210606043101000110			
БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ		2464,0	2470	
Дотация сельскому поселению из ФФПП	00120201001100000150	1693	1751,3	
Субсидии в. т. числе		685	632,7	
Субсидии бюджетам поселений на строительство, модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования	00120202041100000150	300	247,7	
Иные межбюджетные трансферты в т. ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий	00120204014100000150	76,0	76,0	
Иные межбюджетные трансферты в т. ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий	00120215009000000150	385	385	
Субвенции		86,0	86,0	
Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС)	00120203015100000150	86	74,0	
ВСЕГО ДОХОДОВ		**2613,0**	**2635,1**	

Приложение № 2
к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» от 20 марта 2020 г. № 2

Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» за 2019 год

(тыс. руб.)

Наименование	адм.	Рз	ПР	ЦСР	Лимит бюджетных обязательств на 2019 год	Кассовые выплаты за 2019 год	% выполнения
ВСЕГО					**2613,0**	**2635,0**	
Общегосударственные вопросы	**001**	**01**	**00**		**1820,0**	**1463,0**	
Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд. власти субъектов РФ, местных администраций	001	01	04	9900010040	1420,0	1463,0	
Национальная оборона	**001**	**02**	**00**		**86,0**	**86,0**	
Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС)	001	02	03	9980051180	86,0	86,0	
Национальная безопасность и правоохранительная деятельность	**001**	**03**	**00**		**0,0**	**0,0**	
Национальная экономика	**001**	**04**	**00**		**300,0**	**247,0**	
Дорожный фонд	001	04	09	9900040200	300,0	247,0	
Жилищно-коммунальное хозяйство	***001***	***05***	***00***			**32,0**	
Благоустройство	*001*	*05*	*03*	*9900040010*		32,0	
Культура и кинематография	***001***	***08***	***00***		**807,0**	**807,0**	
Культурно-досуговый центр	*001*	*08*	*01*	*9900080010*	807,0	807,0	

ЗИГАРА

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго районалъул администрациялъул гIадамазул хитIабазулгун хIалтIул рахъалъ аслияв специалист Муса МухIамадовасда, эбел Нуцалай Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Хвараллъе алжан насиблъаги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.